

# Kisa Twoub Bipolè ye?

## Twoub Bipolè se yon Maladi ki Grav.

Moun ki souffri twoub bipolè ka ekstremis lè yo chanje tanperaman yo. Pafwa yo ka santi yo fèb anpil (depresyon). Pafwa yo ka santi yo fò anpil (mani). Lè yon moun nan yon moman mani oswa depresyon, sa rele epizòd. Tcheke tout epizòd ou gen anba a. Pale avèk doktè ou konsènan epizòd ou yo.

## Kalite Epizòd yo

### ❑ Depresyon (Fèb)

Moun ki gen twoub bipolè ka santi yo tris anpil. Yo menm ka pa vle leve sou kabann yo oswa manje. Yo pa renmen fè aktivite yo abitye fè. Yo ka anvizaje fè tèt yo mal oswa komèt swisid.

### ❑ Mani (Fò)

Mani se lòt fas twoub bipolè a. Mani ka kòmanse avèk yon bon santiman. Oswa li ka fè yon moun santi li trè akaryat ak fache. Moun manyak ka fè aktivite ki trè danjere.

### ❑ Ipomani

Ipomani menm jan ak mani, men li pi modere. Yon moun ka santi li byen. Li ka panse li gen plis aktivite ki fèt. Men etap "santi byen" an ka chanje an mani oswa depresyon ki deklare.

### ❑ Mitije

Santiman mani oswa depresyon ka chanje de youn ak lòt nan menm jou a. Sa rele yon epizòd mitije. Yon moun ki gen yon epizòd mitije ka an danje pou komèt swisid.

Twoub bipolè se yon maladi avi. Men jodi a, gen anpil tretman pou moun ki souffri maladi sa a. Travay avèk doktè ou pou jwenn sa ki pi bon pou ou.